

## **Jere Swen Sante W Nenpòt Kote W Ye**

Ak MyChart NYC Health + Hospitals la, ou ka jere swen sante w apati telefòn mobil ou oswa sou òdinatè w. Apre w fin anrejistre epi konekte sou MyChart, ou kapab:

- + Wè rezulta analiz ou yo ak rezulta laboratwa ou yo
- + Voye mesaj ki an sekirite bay biwo doktè w la
- + Mande pou yo reba w dòz medikaman
- + Pran randevou epi tcheke anvan vizit ou an
- + Telechaje epi pataje dosye medikal ou ak plis ankò

Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan MyChart, al gade nan mychart.nychealthandhospitals.org oswa pale ak ekip swen w lan.

## **Peye pou swen sante w lan**

Ou gen dwa pou w jwenn swen sante de kalite epi ki abòdab, san yo pa gade sou kapasite w pou w peye oswa sitiyasyon ou ak imigrasyon. Rele nan 1-646-694-3131 pou w chèche konnen ki chwa ki disponib pou ou ak fanmi w.



Plan asirans sante NYC Health + Hospitals bay grannoun, timoun ak fanmi asirans a pri ki ba oswa gratis epi li ofri plan espesyal pou anplwaye Vil la, moun ki gen VIH, ak moun ki bezwen swen alontèm. Rele nan 1-800-475-METRO oswa nan 1-800-475-6387 pou jwenn plis enfòmasyon.



NYC Care se yon pwogram ki garanti aksè nan swen sante gratis osinon ki pa chè pou abitan Vil New York yo ki pa kalifye oswa ki pa ka peye asirans sante. Rele nan 1-646-NYC-CARE oswa nan 1-646-692-2273.

**POU FÈ YON RANDEVOU, RELE NAN**

**1-844-NYC-4NYC**

(1-844-692-4692)



Viv byen, viv an bòn sante.



**RETE KONEKTE. SWIV NOU.**

[www.nychealthandhospitals.org](http://www.nychealthandhospitals.org)

Haitian Creole 08/20



NOU  
LA ➔ +  
POU OU.

**NYC**  
**HEALTH +**  
**HOSPITALS**


Viv byen, viv an bòn sante.

Li enpòtan pou w okipe sante w. NYC Health + Hospitals rann li fasil epi san danje pou w jwenn swen ou bezwen an.

Kit se yon randevou pou egzamen fizik anyèl w ap pran oswa kit w ap repran yon randevou pou swen prevansyon oswa yon pwosedi w ap ranvwaye, doktè nou yo prè pou yo wè w.

Nou ap fè tout sa ki posib pou nou kenbe w an sekirite lè w vini nan nenpòt nan sant nou yo. Estaf nou yo toujou mete mask ak ekipman pwoteksyon. Tout moun ki ap antre nan lopital nou yo, sal ijans yo oswa klinik yo pase tès pou si yo gen sentom COVID-19. Li obligatwa pou tout pasyan ak vizitè yo mete yon mask epi respekte règ distans sosyal yo. Tout sit nou yo pwòpte epi dezenfekte pandan tout jounen an.





## Kòman Pou W Wè Doktè w La

Wè doktè w la ak enfimyè w la fasil epi san danje. Ou ka pran yon randevou jodi a pou yon vizit fas-a-fas oswa nan telefòn oswa nan videyo pandan w byen alèz lakay ou. Rele nan **1-844-NYC-4NYC** (1-844-692-4692). Mande ekip swen w lan ki chwa ki pi bon pou ou.



### Randevou fas-a-fas yo

Klinik nou yo san danje epi yo ouvè pou bay swen. Nou aksepte nouvo pasyan ak randevou pou vizit fas-a-fas yo. Rele pou w mande konsènan lè ki plis favorab yo si w se yon granmoun oswa si w plis vilnerab pou pran COVID-19.



### Vizit tchèkòp rapid

Sa se yon opsyon ki nouvo epi ki rapid lè w bezwen fè analiz laboratwa oswa lè w bezwen verifye siy vital ou yo tankou tansyon w, batman kè w ak lè w bezwen pran pwa w. Mande ekip swen w lan si sa se yon chwa ki bon pou ou.



### Vizit nan telefòn ak videyo

Ou ka pale ak doktè w la oswa enfimyè ou a lakay ou pandan yon televizit ak telefòn oswa videyo. Founisè w la ap rele w nan lè ou te pran randevou a. Pou vizit nan videyo yo, ou kapab konekte lè w antre nan pòtay pasyan MyChart la.

## **Nou la pou ou. Yon sèl kote pou tout bezwen swen sante w yo.**

- + SWEN PRENSIPAL POU ADILT AK TIMOUN
- + KADYOLOJI
- + DÈMATOLOJI
- + SWEN IJANS
- + GASTROANTEROLOJI
- + SÈVIS SANTE MANTAL
- + SÈVIS NEWOLOJI
- + SÈVIS KI GEN RAPÒ AK POUMON
- + SWEN IJANS VITYÈL
- + SANTE FANM

Pèsòn pa sipoze ale san yo pa jwenn swen yo bezwen an. NYC Health + Hospitals te mete sou pye kèk pwotokòl pou sekirite anplis, yon fason pou kenbe tout pasyan yo an sekirite lè yo vin pran swen. Li espesyalman enpòtan pou timoun ou an pa manke vizit tchèkòp yo ak vaksinasyon li yo.

Si ou gen sentom estwok oswa kriz kadyak, si w gen gwo doulè, oswa nenpòt lòt ijans, pa ranvwaye randevou pou tretman ou an akoz ou pè pou w pa ekspoze ak COVID-19. Tout Sal Ijans NYC Health + Hospitals yo gen yon zòn apa pou pasyan ki gen sentom COVID-19 yo. Rele 911 oswa ale nan Sal Ijans (Emergency Room) ki pi pre w la.

### **Tès COVID-19 ak Tès Antikò ki Gratis**

Al pase yon tès jodi a pou w pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo. Tout Nouyòkè sipoze pase tès COVID-19, menm si yo pa gen onkenn sentom. Tès la gratis, san danje, rapid epi fasil. Rele nan 1-877-CVD-19NY (1-877-283-1969) pou w jwenn yon sit tou pre w pou w pase tès la.

